



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD REpons KONTINI NEW YORK KONT PANDEMI COVID-19 LA,
GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSKRIPSYON ESPEsyAL POU MOUN KI PA GEN
ASIRANS YO ETANN POU YON PERYÒD 30 JOU ANPLIS**

Peryòd enskripsyon espesyal la rete ouvè jiska 15 septanm 2020

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Peryòd Enskripsyon Espesyal pou Nouyòkè ki pa gen asirans yo pral pwolonje pou yon lòt 30 jou, jiska 15 septanm, 2020, jan Eta ap kontinye bay sèvis sipò pandan kriz sante COVID-19 la. Nouyòkè yo ka aplike pou asirans atravè NY State of Health (Sante Eta New York), mache asirans sante Eta New York, oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo.

"Pandan ke nou te brize koub viris la, nou toujou nan tan difisil pou fanmi ki travay di yo atravè Eta a ki bezwen aksè nan swen sante bon mache, ki gen kalite", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Eta a te mentni to enfeksyon ba epi li ap avanse nan bon direksyon an, men nou konnen nou poko soti nan sitiasyon an. Lè nou ofri peryòd enskripsyon espesyal la, nou ap asire Nouyòkè yo ki bezwen kouvèti swen sante ki bon mache epi pafwa ki ka sove lavi yo."

Direktè Egzekitif Depatman Sante Eta New York la, Donna Frescatore, te deklare, "NY State of Health (Sante Eta New York) kontinye sèvi kòm yon filè sekirite pou Nouyòkè yo ki nan bezwen kouvèti asirans sante pandan ijans sante piblik san presedan sa a. Moun yo ka jwenn epi enskri nan kouvèti asirans sante konplè, abòdab epi Sant Sèvis Kliyan (Customer Service Center) nou yo ak asistan enskripsyon yo disponib pou ede ak pwosesis sa a".

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Kòm New York kontinye re-ouvri, li esansyèl pou tout Nouyòkè yo genyen aksè ak asirans sante komèsyal. Plis pase jamè, genyen asirans sante nan tan COVID la enpòtan, se pou sa Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap entèveni pou sèvi kominote nou yo pandan yo ap travay avèk endistri sante komèsyal la pou etann peryòd enskripsyon espesyal la".

NY State of Health, ansanm ak Depatman Sèvis Finansye Eta a ak konpayi asirans Eta New York yo, ap pran mezi sa a akòz ijans sante piblik COVID-19 la dekwa pou moun pa evite chèche tès oswa swen medikal akòz yon mank kouvèti asirans sante. Moun ki pèdi kouvèti anplwayè yo dwe aplike nan entèval 60 jou ki vini apre yo pèdi kouvèti a

epi moun ki te pèdi revni yo ka kalifye pou Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus, oswa Plan Sante Kalifye ki sibvansyone yo.

Moun yo ki enskri nan Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plans) yo atravè NY State of Health oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo pou pita 15 septanm 2020 pral gen yon chwa kouvèti nan dat kòmansman kouvèti a oswa 1 septanm oswa 1 oktòb 2020. Moun ki kalifye pou lòt pwogram NY State of Health yo - Medicaid, Essential Plan ak Child Health Plus - kapab enskri pandan tout ane a. Finalman, jan Gouvènè Cuomo te mande sa, tout konpayi asirans New York yo te [anile](#) depans pataje pou tès COVID-19.

Kòm toujou, konsomatè yo ka aplike pou kouvèti atravè NY State of Health sou entènèt nan nystateofhealth.ny.gov, nan telefòn nan 1-855-355-5777, epi lè yo konekte ak yon [asistan enskripsyon](#) gratis.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans NY State of Health la pandan ijans Kowonaviris la [isit la](#). Ou ka jwenn enfòmasyon ak resous Depatman Sèvis Finans pandan ijans Coronavirus la [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)